# АНТРОПОНИМЛЕР ИНСАН ИСКЕРЛИГИ МЫСАЛЫНДА

***Даниярова З.Ж.***
*доцент ў.ў.а Нөкис инновациялық институты*

**Таянч сўзлар:** антропоним, лингвистик, этнологик, менталитет, лексема, семантика, лингвомаданий жараён
**Ключевие слова:** антропоним, лингвистический, этнологический, менталитет, лексема, семантика, лингвокультурный процесс
**Key words:** anthroponym, linguistic, ethnological, mentality, lexeme, semantics, linguocultural process

**Резюме:**
Мақолада исмларнинг рангларга асосланиб кўйилиши сўз этилган. Рангларнинг белгиси билан боғлиқли бўлган антропонимлар одатий ҳаётимизда, урф-одатларимизда, қорақалпоқ халқининг миллий маданиятида ўзига ҳос ҳусусиятлари сифатида ўрганиб чиқилди.
**Резюме:**
В статье упоминается, что имена даются по цветам. Понятно, что красоту природы и окружения мы чувствуем через цвета. Антропонимы, связанные с символикой цветов, изучались как уникальные особенности в нашей повседневной жизни, традициях и национальной культуре каракалпакского народа.
**Summary:**
The article mentions that names are given by color. It is clear that we feel the beauty of nature and our surroundings through colors. Anthroponyms associated with the symbolism of flowers have been studied as unique features in our daily life, traditions and national culture of the Karakalpak people.

Адамзат жәмийетинде нәресте туўылғаннан кейинги ең әҳмийетли мәселелердиң бири оған ат қойыў болып есапланады. Ат қойыу ерте дәўирлерден басланған ҳәм бул дәстүр адамларды шаңарақта ҳәм жәмийетте бир-биринен ажыратыў зәрүрлигинен келип шыққан[1]. Ҳәзирги адам атлары өзиниң узақ даўам еткен тарийхына ийе. Адам атлары қойылыўындағы өзгешеликлер яғный олардың турмыслық тәризи ҳәр қыйлы болып келеди. Буған ҳәрқыйлы факторларды мысал сыпатында атап өтиўимизге болады. Мәселен, материаллық ҳәм экономикалық шараятларға байланыслы, диний исеним ҳәм уғымларға байланыслы, жасаў жағдайына байланыслы, сондай-ак, ңәрестениң туўылыў жағдайына байланыслы, географиялық орынға

байланыслы ҳәм басқа да көплеген факторларды келтирип өтиўимизге болады. Сонлықтан, биз адам атларының келип шығыўын үйренер екенбиз, оларды бир-биринен ажыратқан ҳалда емес, бәлки усындай бирқанша факторлар менен байланыстырып изертлеў мақсетке муўапық болады деп ойлаймыз. Антропонимлерде инсан искерлигиниң сәўлелениўи тилимизде бар болған сөзлерге тереӊ мәни бериў тийкарында жүзеге шығады. Өйткени олар турмысымыздың материаллық ҳәм руўхый мәдениятының анық излерин тасыўшы лингвомәдений процесс. Тилшилер ҳәм философлардың пикирине қарағанда, тил бирликлериндеги миллий психология, менталитет жәмийеттиң тарийхый эволюциясы нәтийжесинде раўажланған. Тилимиздеги адам атлары табияттағы болып атырған ҳәр қыйлы ҳәдийселерге, қубылысларға, халқымыздың әрман тилеклерине, исеним ҳәм уғымларға, ырым ҳәм үрп-әдетлерге ҳ.т.б себеплерге байланыслы қойылып келген.

Демек, жоқарыда келтиргенимиздей адам атлары ҳәр түрли белгилерге, көринислерге, ўақыяларға ҳәм т.б. байланыслы тәризде қойылыўы мүмкин. Усындай белгилердиң бири реңлер есапланады. Пүткил инсаният дүньяны реңлерсиз көз алдына келтириўи қыйын. Реңлер арқалы тәбият, әтирап гөззаллығын сеземиз. Биз сөз етпекши болған реңлер ҳәттеки адам атлары қурамында да өзиниң жүдә үлкен әҳмийетине ийе. Соңғы ўақытларда реңлер символикасына тил билими ҳәм этнология тараўлары тәрепинен үлкен қызығыўшылық артпақта. Реңлердиң белгиси менен байланыслы болған лексика лингвистикалық ҳәм этнологиялық аспектте үйренилиўи, күнделикли турмысымызда, үрп-әдет дәстүрлеримизде, қарақалпақ халқының миллий мәдениятында реңлердиң өзине тән өзгешеликлери сыпатында көрип шығылады. Ҳәр бир халықтың менталитетиниң айырмашылықларына, яғный турмыс салт-дәстүрлерине, үрп-әдетлерине, исенимлерине байланыслы реңлердиң символлық мәнилери қәлиплескен. Реңлер сыры көплеген тараўлардың (физика, психология, физиология, химия, көркем-өнер, лингвистика) изертлеў обьектине айланыўы оның тәбиятының қурамалылығын көрсетеди [2]-деп келтиргениндей тил илиминиң антропонимика тараўында да реңлер белгили орынға ийе. Белгили бир адам атының келип шығыўын, этимологиясын үйрениў – антропонимди тарийхый жақтан ғана емес, миллий-мәдений өзгешеликти сәўлелендиретуғын тил бирлиги сыпатында қараўға тийкар болады. «Миллий ономастиканың өзгешеликлери олардың белгили бир миллий тилге қатнаслы екенлигинде ғана емес, соның менен бирге миллий онимия жасалып, қәлиплескен миллий мәдениятқа да байланыслы». Сол себепли антропонимниң миллий өзгешелиги бойынша дәректи халықтың миллий мәдениятынан излеў зәрүрлиги пайда

болды. Реңди билдиретуғын сөзлерден ақ, қара, қызыл, сары, көк сыяқлы лексемалар антропонимлердиң қурамында жийи ушырасады. Бунның баслы себеби, адамлар нәрестелерге ат бериў процесинде ең дәслеп сол нәрестениң түр-түсине итибар берген. Сонлықтан, реңди билдиретуғын сөзлер менен келген адам атларын ең әййемги антропонимлер деп есаплаўға болады. Деген менен, реңди билдиретуғын сөзлер антропонимлердиң қурамында тек ғана түр-түсти аңлатып келместен, аўыспалы мәнилерди де аңлатып келеди.

Қарақалпақ тилиндеги рең билдириўши сөзлер өзине тән мәнилик өзгешеликлери менен ажыралып турады. Олардың арасында көк, ақ, қара, қызыл ҳәм т.б. сыяқлы сөзлер көп мәнили болып келеди ҳәм басқа бирликлер менен омонимиялық қатнасқа да түседи. Олардан ақ ҳәм қара рең билдириўши сөзлери антропонимлердиң қурамында да келеди. Бундай сөзлер менен келген антропонимлер түрли мәнилик өзгешеликлер менен сыпатланады. Тилимизде «ақ» ҳәм «қара» реңи арқалы халқымыздың үрп-әдети, дәстүрине, исенимине байланыслы айырым сөзлерде символлық мәнилерде өнимли жумсалады.

Қарақалпақ фольклорында «Ақ» лексемасы менен келген антропонимлерди төмендегише тәриплеў мүмкин. «Ақ» лексемасы бул әййемги исенимлерди сәўлелендириўши қудай. Ақ жақтылық пенен байланыслы турмысты тастыйқлайтуғын принцип, пәраўанлық, ғайрытәбиий пәклик символы есапланады. Сыртқы көринисти сүўретлеў ушын ҳәм соның менен бирге баланың қәсийетлерин ажыратып көрсетиўде де ақ лексемасы туўрыдан-туўры ислетилген баҳа. Сыртқы көриниске тийкарланған атлар көплеген түркий тиллерде ушырасады. Татар тилши илимпазы Г.Ф.Саттаров рең билдириўши антропонимлердиң көплеп ушырасатуғынлығын айтып өтеди: Ақбаш, Аққаш, Ақсакал [3]. Буннан басқа да хакасларда Аппах – жүдә ақ, Ах пас-ақ бас; мамлюклерде – Акгпай, Акбуга; ал башқуртларда – Аккөбэк, Акбуре, Акбуга [4] ҳәм т.б. Қарақалпақ фольклорында да бундай адам атлары көплеп ушырасады. Мәселен,

*Ақжүгинистиң геллесин,*
*Сәрўанлы кесип алады,*
*Ақ найзаға илдирип,*
*Ханға алып барады (27-т, Ер з, 13-б).*
*Ҳәсенханниң палўаны,*
*Мәрт Аққозы дер еди, (27-т, Ер з, 11-б)*
*Ақпотаның ўақтында,*
*«Көк өзек» деген жеринде,*
*Әдилбай деген бар еди (47-т, Илм, 161-б).*

*Ақталбай бабам той берген,*
*Алпамысжан келсин деп,*
*Мына берген тойымның,*
*Мураббиси болсын деп (5-т, Алп, 529-б).*
*Алты ай қыслар аман ба?*
*Алты ай жазлар аман ба?*
*Ақшал бай атаң аман ба? (1-т, Алп, 51-б).*

Дүньяның шығыс жағында, Аташ деген дағында, Ақўәлий ханның орамында, жети жүз жастың шағында, Ҳаттәрий патша деген жасады

(21-т, Қарм, 346-б). Тар көше менен кетип баратырса «мырзаға, ҳә мырзаға!» деп Алпамыстың артынан биреў қолын былғап жүрип киятырғанын көрди. Алпамыс артына бурылып қараса, өзиниң баяғы төре ўақтында, Қултай бабасының бий ўақтында мал соятуғын Қаны қассаптың ҳаялы Ақ арыў деген кемпир екен (2-т, Алп, 238-б).

*Ақбилек атлы жеңгемниң,*
*Қайда кеткениңди билмей,*
*Жылай-жылай шырағым,*
*Еки көзи көр болар (1-т, Алп, 18-б).*
*Ханның қызы Ақдәўлетти,*
*Омарханның алдына,*
*Ер Шора алып келеди (15-т, Ер ш, 176-б).*
*Анасы болған Ақжулкын,*
*Ушынғанды балам деп,*
*Қағынғанды балам деп,*
*Көзиккенди қозым деп,*
*Сәргиздан болып жылады (27-т, Ер з, 69-б).*

- Әй, қайнаға-ай, бизлердиң кисиге айтқандай атымыз бар ма,-деди.

-Атыңызға не болды, әкеңиздиң қойған атларын айта бериңлер,-деди. Анда қатынлар Алпамысқа атларын айтып атырған қусайды. - Мениң атым Аққыз,-деди (2-т, Алп,234-235-б).

*Ханның қызы Ақтамақ,*
*Сөзин тамам етеди (27-т, Ер з, 23-б).*
*Сәңгилбайдың алғанын,*
*Ақтолқын сулыў дер еди (43-т, Жҳш, 9-б).*

В.В.Радловтың пикиринше: Түркий халықлар ақ сөзин бир неше мәнилерде қолланады: 1) ақ, 2) таза, араласпасыз, 3) киши пейил, ҳақ кеўил, бийгүнә [5]. Ески түркий тилиниң сөзлигинде «қолай, ықшам» деген мәниси берилген [6]. «Ақ» компонентли антропонимлер адамлардың дәслепки пикирлерин ҳәм дүньяға көзқарасын сәўлелендиреди. Ақ рең қудайлар

теңеўине сай болып, илаҳыйлықты, муқаддесликти, жәмийеттиң жоқары қатламына тән даналық, тәжирийбе мәнилерин билдирген: Акморза, Акчура, Акби, Актуган, Акбикэ, Акбикач ҳәм т.б.

А.Гафуровтың пикирине қарағанда «ақ» компоненти оншелли реңлерге емес ал, «жигерлилик, бахыт, қутлы» сыяқлы мәнилерди аңлатыў ушын қолланылады делинген [7].

Жеке адам атларының қурамында ақ компонентиниң сақланыўы узақ ўакыт даўам етти. Мәселен, XVI-XVIII әсирлерге тийисли ҳүжжетлерде ақ лексемасына ийе адам атлары ушырасады Акко, Акмэмэт, Аксолтан, Аксэит, Акчура. Заманагөй антропонимик системасында да ақ лексемасы жалғанған адам атлары елеге шекем өз әҳмийетин жойытпаған. Дөретиўши инсанлар лақаплар таңлаўда көплеп қолланады. Мәселен, Акъегет, Акйолдыз. Әсиресе XIX әсир ағартыўшыларының лақапларында жумсалған: Мусы Акъегетзаде, Акмуллы ҳәм т.б [4]. Сондай-ақ «ақ» лексемасы туўысқанлық терминлери менен бирге ҳүрмет, сыйласық мәнилерин аңлатады. Мәселен, өзинен үлкенлерге ақ бий, күйеўдиң үлкен ағасына ақ бала, ақ бийке үлкен апаға, ақ тай әкениң үлкен сиңлисине, ақ тутам ананың үлкен сиңлисине қарым-қатнас жасаў процесинде қолланылады [8].

Ал қарақалпақ тилинде бундай ақ компонентли антропонимлер лақаплар яки өтирик атлар деп жүритиледи. Булар көбинесе аналар тәрепинен биринши перзентиниң атын туўрыдан-туўры айта алмағанлықтан оларды екинши ат пенен атаған. Мәселен, ер балаларға байланыслы Ақбал, Ақмырза, Ақжигит ҳәм т.б. Ал келинлер болса бийкеш ҳәм қәйинлериниң атын айта алмағанлықтан оларға сай екинши атларды таңлайды. Мәселен, Ақбийкеш, Ақсулыў, Аққыз, Ақжигит, Ақбала, Ақбал сыяқлыларды атап өтсек болады. Және бир қызықлы тәрепи татарларда туңғыш келинди ак жиңги деп атайды екен [9]. Мифологияда ақ реңи қудалар реңи, көзге көринбес қүдиретли күшлер реңи деп қаралған. Сонлықтан, ҳаж зияратына «Қуданың үйи» (Кааба) ға барыўшылар арнаўлы ақ кийимде жолға шығады[10] - деген мағлыўматлар бар. Тилимизде ақ ҳәм қара реңи арқалы халқымыздың үрп-әдети, дәстүрине, исенимине байланыслы айырым сөзлер де символлық мәнилерде өнимли жумсалады. Ақ ҳәм қара лексемалары бир-бирине қарама-қарсы мәнилерде қолланылады. Ҳақыйқатында да, ақ реңи қара рең сыяқлы орны менен қайғыны да аңлатады. Халқымыздың дәстүри бойынша инсанның деми жеткен күни соңғы мәнзилине жөнетер алдында оны ақ таўарға орайды. Ҳәр бир миллет мәдениятындағы рең дүньясы өзиншелик символлық мәниге ийе болады, яғный рең миллет мәдениятын танытатуғын бир фактор болып есапланады [11].

Реӊ билдириўши лексемалар тилде аўыспалы мәниде келип, тәсирлиликке ҳәм образлылыққа ийе болады. «Қара» реӊи биринши нәўбетте адамлардыӊ түр-түсин ҳәм сол тийкарда минез қулқын анықлаўда қолланылған. Мәселен, өзбек халқы тарийхында қара реӊи «уллы», «жоқары» мәнилерин билдирген. Пүткил бир урыў қәўимниӊ «қараханийлер» деп аталыўы, Қаражан, Қаратай деген адам атлары халықтыӊ қара реӊге болған унамлы мүнәсибеттиӊ билдирилгенин көриўимизге болады. Өзбек мәдениятында қара лексемасыныӊ унамлы семада қолланылыўы «уллы», «жоқары» мәнилерин аӊлатыўы, топонимлер қурамында келиў жағдайлары ушырасады. Қара реӊи қараӊғылықты, жоқшылықты аӊлатып келгени менен қас, көз, шаш киби ағзаларға байланыслы қолланғанда гөззаллықтыӊ тымсалын билдиреди [2]. Кейинги дәўирде «қара» сөзи унамсыз мәниде де қабыл етилиўи анықланған. Мәселен, қазанға жақынласаӊ қарасы жуғады деген нақылда қара «жаманлық» семасын сәўлелендирген. Халық нәзеринде жаман иллетлер, кемшиликлер, кеўилсизликлер «қара» семантикасына сиӊдирилген [2]. Қара – «жаўызлық» – қара нийетли инсан; «ҳәдден зыят шаршаў» -қара терге батыў; «аза-матам»-аза етип, қара кийиў сыяқлы унамсыз семаларын аӊлатады, инсанныӊ жаўызлық белгилерин аўыспалы мәниде билдириў ушын да қолланылады [12]. Қурамында «қара» сөзи бар антропонимлердиӊ көпшилиги түр-түс пенен байланыслы болып келеди.

*Қарабас пенен Саманбай,*
*Барақ батыр ҳәм Қутымбай (29-т, А б, 162-б).*

Алаӊғасар Қарабет қосына барып, үш күн дем алып, уйқысын қандырып, төртленши күни сәскеде атына жем берип, амутты кесе өӊгерип, қалқанын белине байлап, гүрес жайына келди (59-т, Мсп 129-б).

*Атымды сорасаӊ мениӊ Қарасарт (48-т, Ҳ Г, 182-б).*
*Атым мениӊ Қаракөз (47-т 171-б).*
*Қарабайдыӊ алғанын,*
*Айпарша ханым дер еди (43-т,9-б).*

Халықтыӊ кеўлине жетти, қолдан келсе қайыр етти, арадан көп күнлер өтти. Ҳаялы Қарашаш пенен ышқылы дәўран етти (10-т, Мсп, 177-б).

Көбинесе, адамлардыӊ түр-түсин қара деп қабыллаў қоршаған орталықтағы басқа адамлар менен салыстырыў тийкарында болғанлықтан, «қара» сөзи қатнасқан антропонимлердиӊ барлығы түр-түси қара болып келе бермейди.

*Бул ғалаўыт Қаражанға түсти (1-т, Алп,10-б).*
*Қараманныӊ алғаны,*
*Қағып төсек салғаны,*
*Нурпәрий менен Айпәрий (13-т, Қн, 408-б).*

*Қырық мың үйли қалмақтың,*
*Патшасы белли Қарахан (44-т, Жаск, 83-б).*

Түркий тиллерде қара компонентли антропонимлер көбинесе балаға күш-қуўат тилеп, күшли, жигерли болсын деген мәнилерде қойылады [13]. Бул лексема менен байланыслы антропонимлер Орта әсирлердеги жазба естеликлерде де көплеп ушырасады. М.Қашғарийдиң сөзлигинде Қара Барыс антропоними берилген [14]. Ал Алтын Орда дәўиринде жоқары қатлам ўәкиллерине Караболат, Карабахадир, Каракуш, Каракуек, Карамурад, Каракисәк сыяқлы қара сөзи менен байланыслы қойылған атлар жийи ушырасады [15].

«Сары» реңи «қара» лексемасы сыяқлы антропонимикада туўрыдан-туўры (белгилеў ушын) нәрестениң сыртқы көринисин, тийкарынан түр-түсин сүўретлеў ушын қолланылады. Ески түркий жазба естеликлеринде, уйғыр юридикалық ҳүжжетлеринде (Sarig Saman), М.Қашғарийдың Девону луғат-ит турк мийнетинде (Sarig Tojin)сары элементи менен байланыслы атлар ушырасады [16].

Өзбек тилинде, Сары шашлы бала, яки таңлап алынған бала, яки сары, ашық, раўшан, нурлы деген мағананы билдиреди [17].

Айырым изертлеўшилер «сары» реңин ең жоқары қатлам ўәкиллери менен байланыстырады. Бунда Қытай дәстүрлеринен келип шыққан ҳалда илаҳий күшлер тәрепинен берилетуғын императорлық белгиси нәзерде тутылады [4]. Орта әсирлер концепциясында сары рең «уллы, алтын, дәбдебели» сыяқлы мәнилер берилген ҳәм ески түркий сөзлигинде Sarïĵ Čïr, Sarïĵ Saman, Sarïĵ Tojïn, Iktü Sarïj Bas атлары келтирилген [6]. Мәселен бундай мәнисли атлар қарақалпақ дәстанларында төмендеги формаларда ушырасады.

*Екеўи де батыр туўған мәрт еди,*
*Айырды баладан мени Сарыхан (28-т, Ер с, 122-б).*

Қарақалпақ дәстанларындағы сары компонентли антропонимлер көбинесе сыртқы көринисти тәриплеў мәнисин аңлатады.

*Сайлап алған бийбиши,*
*Сарыша сулыў дер еди (13-т, Қн, 480-б).*
*Сарыбай сықмар қайнаған,*
*Буғанда бер бир сәлем(2-т, 163-б).*
*Улың Зарлық, қызың Муңлық, Санжархан,*
*Барып келди Сарыбас дәўдиң елине (24-т, 468-б).*

Сондай-ақ, «сары» лексемасы татар тилинде қайғы менен байланыслы болып ашыўланыў, сағыныў, жоғалтыў ҳәм кеселлик пенен байланыслы мәнилерди билдиреди [4]. «Сары» лексемасының бундай мәнилери қарақалпақ халық аўызеки дөретиўшилигинде (көбинесе сыңсыў, жоқлаў, қыз

узатыў дәстүрлеринде) кеңнен қолланылады. Ҳәзирги заманагөй антропонимикада «Сары» компоненти менен байланыслы антропонимлер жоқарыдағы сыяқлы түсиниклер ҳәм ҳәр қыйлы экстралингвистикалық тәсирлер тийкарында қарақалпақ антропонимикасынан жоғалып бармақта.

Ҳәр бир халықтың өзине сай ат койыў дәстүрлери болады. Қарақалпақ адам атлары тилдеги сөзлик қурамның бир бөлеги есапланады. Ол өзиниң арнасын улыўма халық тилиниң фондынан алады ҳәм тилимиздиң ишки нызамларына сәйкес раўажланады. Солай етип, ол тилдеги сөзлердиң барлық тараўларынан жасалады. Қарақалпақ адам атларының көпшилик бөлеги халқымыздың өткен заманлардан баслап ҳәзирге дейинги мәдений-тарийхый өмирин анық көрсетеди.

**Әдебиятлар:**


1. Сайымбетов О.Т. Қарақалпақ тилиндеги меншикли адам атлары. – Нөкис: Билим, 2000. – Б. 54.
2. Курбанова З., Зайырова Қ. Қарақалпақ дәстүрий кийимлеринде реңлердиң тутқан орны ҳәм онын этнолингвистикалык сыпатламасы // ӨзР ИАҚБ Хабаршысы. – Нөкис, 2020. – №4. – Б.153
3. Саттаров Г. Исемең матур, кемнэр куйган? – Казан: Татар, кит. нэшр, 1989. – С. 106.
4. Галиуллина Г. Татарская антропонимия в лингвокультурологическом аспекте: Автореф. дис. … д-ра. филол. наук. – Казань, 2009. – С. 94.
5. Радлов В.В. Опыт словаря тюркских наречий. – М., 1963. – С. 259.
6. Древнетюркский словарь. – Л.: Наука, 1969. – С. 48.
7. Гафуров А. Имя и история. – М.: Наука, 1987. – С. 23.
8. Татар теленең зур диалектологик сүзлеге / төз.: Ф. С. Баязитова, Д. Б. Рамазанова, З. Р. Садыйкова, Т. Х. Хэйретдинова. – Казан: Татар. кит. нәшр, 2009. – С. 31.
9. Эхмэтьянов Р. Татар терминологиясының тарихи чыганаклары. – Казан: Татар. кит. нэшр, 2003. – Б. 67.
10. Шомурадова С. Ўзбек халқ қўшиқларида либослар магиясы билан боғлиқ қарашларнинг бадиий ифодаси: Магистр дис. – Бухоро, 2015. – Б.22.
11. Қодирова Б. Белги билдирувчи лексемаларнинг лингвокультурологик ҳусусиятлари: Филол. фан. фалс. д-ри (PhD) ... дис. автореф. – Т., 2019. – Б. 20.
12. Кононов А.Н. О семантике слов кара и ак в тюркской географической терминологии // Отделение общественных наук. - вып.5. – Душанбе, 1954. – С. 85.
13. Хазиева Д.С. Татарские личные имена в этнокультурном пространстве в сравнении с другими тюркскими антропонимами: Дис. … д-ра филол. наук. – Казань, 2009. – С. 147.
14. Махмуд ал-Кашгари. Диван лугат ат-турк (Свод тюркских слов): в 3-х т. / пер. с араб. А. Р. Рустамова, под ред. И.В.Кормушина, прим. И.В.Кормушина, Е.А.Поцелуевского, А.Р.Рустамова. Институт востоковедения РАН: Институт языкознания РАН. Т. 1. – М.: Восточная литература, 2010. – С. 461.
15. Становление и расцвет Золотой Орды. Источники по истории Улуса Джучи (1266 – 1359 гг.). – Казань: Татар. кн. изд-во, 2011. – С. 438.
16. Махпиров В.У. Имена далеких предков. – Алматы: Ин-т востоковедения МН-АН РК, 1997. – С. 204.
17. Бегматов Э.А. Ўзбек исмлари изоҳи. – Т.: Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 2016. – Б. 376.